



Diocese of Palm Beach

9995 North Military Trail • P.O. Box 109650
Palm Beach Gardens, Florida 33410-9650

Office of
THE BISHOP

(561) 775-9595 Fax (561) 775-7035

5 jiyè 2024

Chè sè ak frè nan Kris la:

Pawas nou yo pral fè yon koleksyon nan wikenn pwochen, 13/14 jiyè, pou sipòte Catholic Relief Services (CRS), ki bay asistans ijans pou viktim lagè ak katastwòf natirèl yo; ede imigran ak refijye ki bezwen lojman, edikasyon ak asistans legal espesyalize; epi sipòte vwayajè yo ak lòt moun ke lavi yo bezwen sipò pastoral espesyal epi jwenn aksè a sakreman yo. Anplis ak ede moun ki gen bezwen imedya, asistans ou ede efò alontèm pou konstwi lapè nan rejyon ki te afekte pa plizyè deseni konfli.

Jenerozite w ede anpil nanm, domestik ak entènasyonalman, epi nan yon fason reyèl ou vin yon liy sovtaaj nan yon pi bon avni pou yo ak fanmi yo. Kit dezaz natirèl oswa konfli imen, CRS reponn a bezwen moun k ap eseye rebati lavi yo.

Tanpri, nan lapriyè, konsidere kijan ou ka sipòte koleksyon 2024 sa a. Pou aprann plis sou koleksyon an ak moun ki benefisye yo, tanpri vizite www.usccb.org/catholic-relief. Mèsi ankò pou tout sa w ap fè, nan lapriyè ak finansyèman, pou ede moun ki frape pa povrete, grangou, lagè ak katastwòf natirèl yo.

Avèk rekonesans pou jenewozite w kap kontinye epi ak chak entensyon lapriyè, se mwen menm

Sensèman nan Kris la,

Monsenye Gerald M. Barbarito
Evèk Palm Beach